


La Bib pou ti moun
prézanté



Salomon,
wa saj la



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Wa David se te yon gran nonm devan Bondye. Pandan rèy li a, Izrayèl te vin pi gwo dis fwa plis pase wayòm Wa Sayil la. Men, li pa te kapab renye ankò. David

te fin
granmoun.
Epi li te
fatige ! Epi
li te malad !
Lavi li sou tè
a te rive nan
bout li.







Youn nan anpil pitit gason David yo, Adonija, te di pèp Izrayèl la li t apral vin wa. Malgre non li vle di "Senyè mwen an se Bondye," Adonija pa te yon bon moun. Li t ap eseye pran twòn nan, paske li te konnen David te twò fèb pou li reziste. Men, Bondye te genyen lòt plan !



Batcheba, madanm David
la, te konnen pitit gason
li a Salomon t apral wa.
Li te devwale David plan
Adonija yo. Malgre jan li
te malad la, David te
rasanble prens li yo epi li
te fè Salomon wa Izrayèl
an piblik.



Salomon pa te genyen okenn pwoblèm ak Adonija paske pèp Izrayèl la te fè David konfyans. David te di yo Bondye te chwazi Salomon pou wa yo. Yon ti tan apre, David te mouri.





Anvan David te mouri, li te anseye Salomon kijan pou l obeyi Bondye epi kijan pou li vin yon bon wa. "Mache nan chemen Bondye yo, pou w kapab reyisi nan tout sa w pral fè," David te di pitit gason li a. Se te yon konsèy ki te bon anpil ! Se konsa, Salomon te chita sou twòn papa li a, David, epi wayòm li an te byen etabli.




Yon lannuit nan Gabaon,
Letènèl te parèt devan
Salomon nan yon rèv
(sonj), epi Bondye
te di li : "Mande
mwèn sa w vle
pou m ba w."



Salomon te mande sajès pou li
te kapab yon bon wa. Demann
jèn wa a te fè Bondye
plezi. Salomon te
resevwa sa li te
mande a — men
Bondye te
pwomèt li
anpil richès
tou.




Pèp la pa te pran anpil tan pou li dekouvri sa jès Salomon an. Yon jou, de manman te vin devan l ak yon tibebe. "Pitit gason fanm sa a te mouri nan



mitan lannwit la, epi li te ranplase l ak pitit gason pa mwen an," youn te di. "Non ! Sa ki vivan an se pou mwen, epi sa ki mouri a se pou li," lòt fanm nan te di. Ki jan wa a te ka deside kiyès ki t ap di laverite ?



Kidonk, wa a di : "Pote yon epe ban mwen."
Yo pote yon epe devan wa a. Kisa wa a t
aprale fè ak yon epe ?



Wa a di : "Koupe timoun ki vivan an fè de, bay yon fanm mwatye, bay lòt fanm nan mwatye." Lè sa a, fanm ki te gen pitit vivan an di : "Ah, Senyè mwen, bay li timoun ki vivan an, ou pa bezwen touye l."



Men, lòt la di : "Li p ap
ni pou mwen ni pou ou ;
koupe l !"








Lè sa a, wa a di : "Bay
premye fanm nan
pitit ki vivan an. Se li
ki manman l." Tout
pèp Izrayèl la te
tande pale de jijman
an, epi yo te pè wa a,
paske yo te wè sajès
Bondye te nan li.




Pèp Izrayèl la pa te genyen tanp pou y adore Bondye. Lè David te planifye pou li bati youn, Bondye te di : "Pitit gason w lan ava bati yon kay nan non mwen." Se konsa Salomon te kòmanse bati yon bèl



tanp nan Jerizalèm.





Li te pran sèt long lane
pou konstwi tanp lan.
Men, gran jou a te rive
kote tout moun te
kapab vini tande
Salomon k ap dedye
tanp lan bay
Letènèl.




Aprè yon bèl lapriyè, wa
a ak pèp la te ofri plizyè
milye sakrifis avèk kè
kontan epi yo te fè yon
gwo selebrasyon pandan
de semèn !




Aprè sa, Bondye te parèt
devan Salomon ankò epi li
te pwomèt pou beni li
menm ak Izrayèl toutotan
yo te obeyi Letènèl.




Malerezman, ni Salomon ni pèp
Izrayèl la pa te toujou obeyi Bondye.
Wa a te marye ak anpil fanm Bondye
pa te vle li marye. Madanm payen li
yo te fè l adore zidòl, epi li pa te
fidèl ak Letènèl, Bondye li a, jan
David, papa li, te ye a.



Pandan Salomon t ap gaspiye chans li pou l obeyi Bondye, youn nan ofisye li yo, Jewoboram, te fè yon eksperyans etranj. Yon pwofèt te di li Bondye t apal divize wayòm Salomon an, epi Jewoboram t apal gouvènen dis nan douz tribi yo. Jewoboram te sove ale nan peyi Lejip. Li te konnen Salomon t ap touye l si li te rete.






Après sa, Salomon te mouri. Pitit gason li an, Woboram, te mete plis taks sou pèp la pase Salomon. Dis tribi te revòlte — epi yo te chwazi Jewoboram kòm chèf yo. Wayòm Salomon an te divize an de, jan pwofèt la te di li a. Bondye pa kapab beni dezobeyisans.



Salomon, wa saj la
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan
1 Wa 1-12

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





| 22

||||| 60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'étènité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

